Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 7 июль Рузман №27 (7788) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Районадминистрациялда

## Токалъулгун газалъул ва налогазул налъабазулги бицана, медалисталги кІодо гьаруна

Талат къоялъ райадминистрациялъул данделъабазул за-



мил ГІумаровас тІобитІана иргадулаб данделъи. Гьенир гІахьаллъана росабазул администрациябазул бутІрул ва пачалихъиял идарабазул нухмалъулел.

Данделъи рагьулаго районалъул бетІерас бицана жакъасеб къоялъ районалда налогал ракІариялда, газалъул ва токалъул налъаби рецІиялда сверухъ гьабулеб тІадчІараб хІалтІул.



ГІадамаз газалдаса пайда босиялъухъ ккараб налъи бецІиялда сверухъ районалда бугеб ахІвал-хІалалъул бицун кІалъай гьабуна «Газпром регионгаз МахІачхъала» газовияб магІишаталъул Болъихь бугеб абонентазулаб пунктальул нухмалъулев Гьайирбег АхІмадовас. Гьес гІатІидго бицана пачалихъиял идарабаз ва абонентаз газалъухъ кьезе кколеб гІарцул ва гьезул нухмалъулел ахІана къокъаб болжалалда

Гьединабго кІалъай гьабуна районалда бугеб энергосбыталъул отделалъул нухмалъулев Шагьрурамазан Расуловасги. Токалъухъ кколеб гІарац бакІариялъул рахъалъ республикаялда лъикІазул кьерда бугониги, районалда жеги гІураб налъи бугин абуна гьес. Бокьилин абонентаз, пачалихъиял идарабаз ва мажгитаз гьебги лъугІизабизе. ЦІакъго рес къотІараб хІалалде гІадамал ккезарун судалде материалал кьейги жидер мурад гурилан абуна кІиязго. Гьединлъидал бокьилин газалъухъ ва токалъухъ кколеб гІарац жиндир заманалда кьезе.

Данделъиялда кІудияб кІвар кьуна налогал ракІариялъул суалалде, ва гьелда сверухъ гьарурал судалъул хІукмаби приставаз тІуразаризе ккеялде. ГІемерисез сонидаса сониде кьечІого толел руго транспорталъулал налогал. Гьелъул хІасилалда налъи цІикІкІунеб буго. ЛъикІ букІинаан гьелда сверухъ налогазул органазул ва судазул приставазул цадахъаб хІалтІи гьабизе.

Гьоркьор лъурал суалазда тІасан данделъараз кьуна налогазул, газалъул ва токалъул хІакъалъулъ кІвар бугел суалал.

Данделъиялда гьединго кІодо гьаруна меседил медалал щварал Агъвали гимназиялъул выпускникал Гьазиева Дианагун Сулейманова Макка, ТІадгьаквари школалъул выпускник ГІабдулхІакъов ГІабдулхІакъ ва цогояб пачалихъиял экзаменазда бищун цІикІкІарал балал щварав Гьоркьгьаквари школалъул выпускник МуртузагІалиев Саид.

Районалъул бетІер Шамил ГІумаровас выпускниказда баркана меседил медалал щвей, гьарана гьезие анищал тІурай.

Гьенибго районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГІабдусаламовалъ дипломаздалъун ва гІарцулал сайгъатаздалъун кІодо гьаруна «ЛъагІалил бищун лъикІав цІалдохъан» конкурсалда тІоцебесеб бакІалъе мустахІикълъарав ТІиндиса МухІамад МухІамадов, кІиабилеб бакІалде ккарав ТІадгьаквариса МухІамад ХІажимухІамадов, лъабабилеб бакІ щварай ТІиссиахикьа ХІалимат МухІамадаминова, ункъабилеб бакІалде ккарай ТІиссиса ГІайшат ГІумарова.

Барки

## Инсул анищ тІубазабуна

Дагъаб цебе лъикІал къиматазда Астраханалда пачалихъияб медицинаялъулаб университет лъугІизабуна Агъвали гимназиялъул выпускник Хонохъа ГІубайдулаев Нурулагьица.

ЦІалул анлъабго соналъ гьев вукІана бищун лъикІал студентазул кьерда, губернаторасул стипендиатлъунги, Астра-



хань шагьаралъул депутатасул кумекчилъунги, жамгІияв хІаракатчилъунги. Коронавирус тІибитІараб мехалда бихьизабураб хІаракаталъухъ Нурулагь мустахІикълъана Россиялъул президент Владимир Путинил Баркалаялъул кагъаталъеги, рикІкІен гІемерал грамотабазеги, гІахьаллъана батІи-батІиял конференциябазда ва данделъабазда.

Медицинаялъулаб лъай босизе гьес тІаса бищиялъе гІиллалъун ккана гьесул инсул тухумалда жанив цониги чи фельдшерлъун вахъине вукІараб анищ. Къоло ичІабилеб июналда Астраханалъул пачалихъияб медицинаялъулаб университеталъул ректор Ольга Башкиналъ рохалилаб тадбиралда кІудияб адаб-хІурматгун кьуна Нурулагьие багІараб диплом. ТІубазабуна гьес инсул анищ.

Гьанже Нурулагьица анищ гьабулеб буго Москваялда ординатура лъугІизабизе ва мануалияв терапевтлъун вахъине.

Баркула дирго ва гимназиялъул мугІалимзабазул рахъалъан Нурулагьида лъикІал къиматазда медицинаялъулаб университет лъугІи, гьарула гьесие талихІ, анищал тІурай, гьудул-гьалмагъзабазда гьоркьоб къадру-къимат ва гІадамазе пайдаявлъун вахьин.

**Зульфия Сажидова**

## Районалъул бетІер ралел бакІазда

Гьал къояз районалъул бетІер Шамил ГІумаров щвана Агъвали-КІванада-Гьимерсо, гьединго Кьенгьара ва Лъондода унел нухазде. Гьениб унеб буго нухал цІигьарун къачІаялъул хІалтІаби. Гьениб хІалтІи гьабулеб буго «Ботлихагропромдорстрой» ОООялъ.

Гьенисанго районалъул бетІер щвана КІванада балеб школалде. Гьабулеб хІалтІудаса разилъарав районалъул нухмалъулес баркала загьир гьабуна школа балеб идараялъул нухмалъулев ГІабдула ГІабдулмутІалимовасе.

КІванада балеб школа ккола нилъер улкаялъул бетІер Владимир Путинил бихьизабиялда рекъон федералияб бюджетазул гІарцудаса балеб.

**Муниципалитеталъул пресс-хъулухъ**

Росдал гІолилал

# Къедисезул цолъи ва гьудуллъи

Хирияб Къурбаналъул гІид кІодо гьабун хадусеб къоялъ Къеди росдал администрациялъул бетІер ИсмагІил ГІащикъовасул нухмалъиялда гьоркь росдал гІолохъабазда гьоркьор тІоритІана гиря борхиялъулгун рехиялъул, чІаралъуса кІанцІиялъул ва волейбол хІаялъул къецал. Гьениб гІахьаллъи гьабуна гІатІиракьалдаса рачІарал ва росулъ чІей бугел гІолохъабаз.

Тадбир байбихьулаго росдал администрациялъул бетІер ИсмагІил ГІащикъовас бицана къецазул мурад кколин гІолилал спорталде машгъуллъи, росдал гІолилазда гьоркьоб вацлъи ва гьудуллъи щула гьаби, щиб къо кканиги цоцае хІалае рахьин ва гІун бачІунеб гІелалъе мисаллъун чІахІиял рукІин. ГІасрабаз умумуз ирсалъе тараб гьункиги цІунизе, къохІехьейги гІолилазулъ букІине лебалал ва бахІарчиял васал куцаялъе кьучІ лъола спорталъ ,-ян абуна гьес.

Цинги гьудуллъиялъулаб ахІвал-хІалалда байбихьана спортивиял къецал. ХІалуцарал къецазул хІасилалда гиря борхун бергьана ГІусманов Абубакар, кІиабилеб бакІ щвана ГІусманов Мусадибирие, лъабабилеб бакІалде ккана СагІадуев НурмухІамад.

Гиря рехун тІоцебесеб бакІ щвана ГІащикъов ИсмагІилие, кІиабилеб бакІ - ГІусманов Абубакарие, лъабабилеб бакІ-ГІусманов Мусадибирие.

ЧІаралъуса кІанцІун бергьенлъи щвана ГІащикъов ИсмагІилие, кІиабилеб бакІ-БатагІалиев ГІалиасхІабие, лъабабилеб бакІалде ккана Пирбудагъов ГІабдула.

Волейбол хІан тІоцебесеб бакІ щвана «Меседил микьил» командаялъе, кІиабилеб бакІалде ккана «Росубакьулъел» ва лъабабилеб бакІалда гІей гьабуна «РосутІарадисел» командаялъ.



Дандельиялъул ахиралда росдал администрациялъул бетІер ИсмагІил ГІащикъовас бергьаразе ва призеразе кьуна грамотаби ва гІарцулал сайгъатал. Гьединго Баркалаялъул кагътидалъун кІодо гьавуна къецал гІуцІиялъулъ жигараб хІалтІи гьабурав районалъул лъималазулгун гІолилазул спортивияб школалъул тренер Сапиюла Сапиюлаев.

Гьединго росдал бегавулас грамотаби ва гІарцулал сайгъатал кьуна цІалул лъагІалида жанир районалда ва республикаялда тІоритІарал спортивиял къецазуль лъикІал хІасилал рихьизарурал росдал школалъул цІалдохъаби ГІабдулхабиров ИсмагІилиегун Надирбегие, Агъларханов ГІабдулае, ГІащикъов ГьазимухІамадие, ГІисаев Сайпудиние, ГІусманов Юсупие, Герейханов Расулие, Ибрагьимов Юсупие, Зиявдинов Адамие, МухІамадов Садирбегие, Пирбудагъов Юсупие, Сабигулаев МухІамадие, ШугІайбов ГІабдулмаликие.

Рузман къоялъ росдал мажгиталда тІоритІана гІисинал ва чІахІиял ясазда гьоркьор КъурІан цІалиялъул къецалги. ГІисиназда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна ГІалихъиличева Фатимаца, кІиабилеб бакІалде ккана Агъларханова Раяна, лъабабилеб бакІ щвана Агъларханова Хадижатие.

ГІолилал ясазда гьоркьоб бергьенлъи щвана ГІусманова Написатие, кІиабилеб бакІ ккуна ГьазимухІамадова ЗулхІижатица, лъабабилеб бакІалде ккана Агъларханова Нурия.

КІиябго къоялъ росдал гІолилазда гьоркьор тІоритІарал пайдаял къецазухъ ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна жамагІаталъ росдал администрациялъул бетІер ИсмагІил ГІащикъовасе, районалъул лъималазулгун гІолилазул спортивияб школалъул тренер Сапиюла Сапиюлаевасе ва заманаялъ росдал мажгиталъул имамасул ишал тІуралев Мухтар МухІамадовасе.

ДандчІвай

# Министрасухъ гьоболлъухъ

Дагъаб цебе Дагъистан республикаялъул



физкульураялъулги спорталъулги министр Сажид Сажидовас къабул гьаруна ахирал соназ ММАялъул турниразда гІисинал гІолилазда гьоркьор лъикІал хІасилал рихьизарулел Эчедаса вацал ГІабдулхІалим, МухІамад, Самир, Шамсудин Гьазуевал ва гьезул эмен ГІабдулнасир.

РакІрагьараб гарачІвариялда Сажид Сажидовас гІисинал гІолилазул бергьенлъабаздаса бугеб чІухІи ва разилъи загьир гьабуна. ТІадчІараб захІматалдалъун хІадурлъани, гьез жеги чІахІиял бергьенлъаби росине рукІиналде божильиги гьабуна гьес. Баркала кьуна гьединал спорталде рокьи бугел васал куцаялъухъ ва лъикІаб тарбиялъай кьеялъухъ эмен ГІабдулнасирие.

Дагъаб цебеги ГІабдулманап НурмухІамадов ракІалде щвеялъе гІолилазда гьоркьоб тІобитІараб ММАялъул турниралдаги ГІабдулхІалим, МухІамад, Самир ва Шамсудин Гьазуеваз рихьизаруна лъикІал хІасилал ва мустахІикълъана рачелазе. Цереккунги гьел бергьун рукІана ММАялъул рахьалъ СКФОялъул ва Россиялъул къецазда.

Министрас спортивияб карьера гІуцІизе квербакъизе ва кумекалъе ватиялда ракІчІезабуна васазул, кьуна гьезие дандчІвай ракІалде щвеялъе сайгъаталги.

Дандельиялъул ахиралда гІисинал речІчІухъабазул эмен ГІабдулнасир Гьазуевас ва анищаз куркьбал гьурал васаз ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна Сажид Сажидовасе жидер гьабураб адаб-хІурматалъухъ.

**Гъумер хІадур гьабуна Зульфия Сажидовалъ**

**Конкурс**




АнцIила лъабабилеб июлалда врач-ортопед МухIамад ГIабдулхабировасул нухмалъиялда гьоркь Агъвали тIобитIизе руго Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялда хурхун гьесул асарал рекIехъе рикIкIиналъул къецал.

## Расул ХIамзатовасде

МагIида хутIана хъурайсин тIагъур
ТIад хъубухъун лъезе чиги гьечIого.
Бакьулъан бекана хатI лъикIаб къалам
Берцинал кверазул килщалги рекун.

Расулил къункърабаз къиматги гьабун,
КъватIиб загьирлъана мун дир Дагъистан.
Улка бахун къватIиб бакI-бакIаздаги
Парпадана байрахъ Расулин хъвараб.

ХъахIабросулъ слёт тIобитIулелъул
Дургун лъай-хъвай ккана кIочон толареб.
Дур нухде гьегъ балев чи ккогегиян
Дуца къимат къуна дир саринальe.

Кьижа, Расул, кьижа гьанже хIалхьуда,
Дуе хIалхьи щвечIин таманал соназ.
ГIодов виччан вега Таргъу магIарда
Мун гIодов вукIине гIолилаз течIин.

**Сидрат Гьиматова**

## ХIамзатил  Расулиде

Расул, дуца тедал мискинлъана ниж,
Бесдал лъимал гIадин хутIун ругеб куц.
ЦIвабзазде гIагарде борхизабураб,
Дагъистан цIидасан кIочонеб бугин.

Дуца божилъи кьун тарал бахIарзаз,
Божилъи, гIаданлъи гIарцухъ бичанин.
Борхатго цIар араб магIарул улка,
ГIодобе хъурщулеб хIал лъугьун бугин.

Дуца куркьбал гъурал дагъистаниял,
Дуда хадургодай хабалъе арал…
ГIаданлъи, яхI - намус рекIелъ цIунарал.
БахIарзалго хутIун гьечIилан кколин,

Дуца гIайиб чIваге, хирияв Расул,
Хабалъгицин рахIат толеб гьечIилан.

Гьанже нижер бугеб хIал дуда лъани,
Мунгоги лъугьина къанал рорхилин .

Дур нусил сонилаб юбилеялде,
Вахьа цо гьитIинаб кIалъай гьабизе.
Эбелги ВатIанги ва рахьдал мацIги,
КIочене тогеян такрар гьабизе.

Дуе дунялалъго кIодолъи кьунин,
Дуца Дагъистанги кIодо гьабунин.
ГIасрабаз хутIила халкъазул рекIелъ,
ГьитIинаб халкъалъул кIудияв шагIир.

**МухIамад Коратов**

## Расулу Гамзатову

Ты был одним из нас, кого я воспевал,
Кого не торопясь, повсюду обсуждал.
Ты шёл своей тропой, отца не забывал,
Ты был такой простой, и твой черёд настал.

Ты воспевал народ, откуда родом был,
Ты возглавлял парад, и мудрым сыном слыл.

Пришла твоя пора, закончился твой срок,
Поникла голова, и голос лиры смолк.

Аварец из Цада, великая душа,
Остались на века, твой ум, твоя рука.
Ты занял место там..., средь белых журавлей,
И клич ваш, слышен нам, он стал ещё мудрей

**Магомедхабиб Саадуев**

**Поэзия**

## РекIел бухIиялъул хIайранаб калам

РекIел бухIиялъул
ХIайранаб калам
Кагътиде босани,
ГIайиб чIвалебдай

ГIумру цадахъ арай
Гъудул камидал
Каранда цIа рекIун
Вуго вухIулев.

Бицун гIадамалги
Божилароан,
Божуй рекIкI гьабуна
ГIумру цадахъалъ

Дунял свераниги,
Даруги швечIо,
Дуца къо хIехьана
ХIухьел къазегIан.

Заманго иналде
Канлъиги ана
Кколареб бакIалде
БерщунгутIизе.

Жиндир заманалда
ГIинда бакIлъана
КIвар гьечIел хабарал
РагIунгутIизе.

РухI босун инегIан
ГIакълуги тана-
Тавбу мухIкан гьабун
Шагьадат битIун.

Хьизан-агьлуялъе
Къо лъикIги гьабун,
Къанщана дур берал
Абадиялъго.

Рузман-къо маркIачIул
Какил ахIигун
Босун ана дур рухI
ГIиллиюналде.

ГIисинккун балеб цIад,
БецIлъулеб дунял
БецIлъана диеги
ТIолго гьаб гIумру.

Вуго, гьудул, гьанже
Дунго панаго,
Панаяб гьаб дунял
Киндай гьабилеб?

Халикъул гIаламалъ
КIодо гьаюрай,
Гьаеги мун кIодо
ТIадегIанасги.

Рукъалъул агьлуги
Бикь-бикьун ана,
БокIнидаги кIусун
ЦохIо хутIана.

Дун тун инарилан
КъвакIунги йикIун
Къо тIаде бачIиндал
ЯхIищха хвараб?

Радал тIаде вахьун
Колоде уна-
ГIумру цадахъ араб
РакI чучилилан.

Дур недегъаб гIамал
ГIатIидаб дур ракI
РекIелъ сири бачIун
Нахъе вуссуна.

ГIемер гIадамаца
Хабар бицуна
ГIатIидаб гьаб дунял
Жидер бугилан.

Дур недегъаб гьими
Гьайбатаб гьумер,
Кинго цIадироялъ
ЦIан бачIунаро.

Щибаб рузман къоялъ
Хабаде уна,
Хабал гIазаб дуе
Бигьалъиялъе.

Рес рекъараб мехалъ
Садакъа кьола,
ЗахIмалъи батани,
РахIман гурхIизе.

ТIадегIанав Аллагь,
ЦIобал гIатIидав,
Алжан насибайлъун
ТIойитIун яте.

Ахир тIад рахъунеб
ЗахIматаб къоялъ
ЛъикIаб агьлуялда
Цадахъ ккезае.

**ХIабиб Давудов,**
Метрада росу

## Редакция муниципального периодического печатного издания, которое обязано предоставить печатную площадь для проведения предвыборной агитации на муниципальных выборах в Цумадинском районе, назначенных на единый день голосования 10 сентября 2023 года

| № | Наименование периодического печатного издания | Территория его распространения в соответствии со свидетельством о регистрации средства массовой информации | Регистрационный номер свидетельства о регистрации средства массовой информации | Дата выдачи свидетельства о регистрации средства массовой информации | Юридический адрес редакции периодического печатного издания | Учредитель (учредители) периодического печатного издания, редакции печатного издания | Доля (вклад) муниципальных образований в уставном (складочном) капитале | Вид выделявшихся бюджетных ассигнований из местного бюджета на их функционирование | Объем выделявшихся бюджетных ассигнований из местного бюджета на их функционирование | Периодичность выпуска периодического печатного издания | Указание на то, что периодическое печатное издание является специализированным |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 1 | Щумадисезул гьаракь | Республика Дагестан | ПИ № ТУ 05 - 00434 | 15.07.2019 | 368900, Дагестан Респ., Цумадинский р-н, х. Тленхори, ул. Заводская, д. 4 | Администрация муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан | 100% | | | 1 раз в неделю | неспециализированное |

Колонка прокурора

## Прокуратурой района внесены протесты

Федеральным законом от 5.12.2022 г. № 498-ФЗ внесены изменения в Федеральный закон от 02.03.2007 №25-ФЗ «О муниципальной службе в Российской Федерации».

С учетом изменений гражданин не может быть принят на муниципальную службу, а муниципальный служащий не может находиться на муниципальной службе в случае приобретения им статуса иностранного агента.

Данных изменений не учитывает постановление администрации сельского поселения «сельсовет Гадиринский» Цумадинского района Республики Дагестан от 18.12.2018 №7 «Об утверждении Положения о муниципальной службе в Администрации сельского поселения «сельсовет Гадиринский» муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан, в связи с чем оно нуждается в корректировке.

Аналогичные нарушения выявлены и во всех сельских поселениях муниципального района «Цумадинский район».

По выявленным нарушениям закона прокуратурой района в адрес всех глав сельских поселений муниципального района «Цумадинский район» внесены протесты.

Все протесты рассмотрены и удовлетворены.

**Гаджимурад Арадахов,** заместитель прокурора района

Будьте осторожны с газом!

## Газовые баллоны и правила пользования ими

Баллонные установки применяют для снабжения сжиженным газом отдельных потребителей. Индивидуальные баллонные установки состоят из одного или двух баллонов; регулятора, снижающего давление паров сжиженного газа до 3...4 кПа, предохранительных клапанов, запорных вентилей и соединительных трубопроводов.

Баллон с газом объемом не более 5 литров, подключенный к газовой плите заводского изготовления, в жилом помещении должен устанавливаться на расстоянии не менее I метра от отопительных приборов, не менее 5 метров - до открытого источника огня. Газовые баллоны большой емкости должны храниться в специальных вентилируемых запирающихся шкафах с внешней стороны дома, также хранение баллонов с внешней стороны дома предусмотрено в случае невозможности установки их в одном помещении с газовой плитой. Указанные шкафы должны иметь предупредительную надпись: «Огнеопасно. Газ».

Установка и хранение баллонов обязательно производится в вертикальном положении. Во время замены газовых баллонов запрещается пользоваться открытым огнем, курить, включать и выключать электроприборы. Запрещается устанавливать неисправные баллоны, а также использовать газовые баллоны с повреждениями корпуса, следами ржавчины, и неисправными вентилями.

Необходимо раз в пять лет проводить освидетельствование газовых баллонов. Не допускаются резкие перепады температуры при замерзании газового баллона, также запрещено отогревать газовые баллоны с помощью открытого огня.

Берегите себя и своих близких. Ваша безопасность - ваша ответственность.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

Сахлъи-инсанасул бечелъи

## Имбиралъ черх щула гьабула

Имбирь нилъер гьанир ругел тукабазда къанагІат гурони букІунаро. Бугониги, гьеб босулел гІадамалги гІемер кколаро. Щайгурелъул, гьелъул пайдаялъул хІакъалъулъ къанагІатаздаги лъаларелъулха.

Имбиралъ черх щула гьабула, рак унтиялдаса цІунула, холестериналъул къадар гІодобе ккезабула, мегІерчин нахъбуссинабула.

Имбирь хІалтІизабула батІи-батІиял унтаби сах гьаризе гуребги, кванида тІагІам бачІинабизеги.

Европаялда имбирь хІалтІизабулаан къавуда унтуде данде кьеркьеялъул мурадалда. Имбиралъул кьибилалъулъ рукІуна черхалъе хІажатал витаминал, минералал ва аминокислотаби.

Имбиралъул чаялъ микробал хвезарула, гьединлъидал, щекъер унтун бугони, гьелъул гьабураб чай гьекъезе лъикІаб буго. Китаялда хьегІи сах гьабизе хІалтІизабула имбиралъул кьибилги гьорлъе жубан гьабураб квен. Имбиралъул компрессаз кумек гьабула мугъ ва бетІер унтараб мехалда.

Имбирь хІалтІизабилелде балагьизе ккола гьелъ гьабизе бегьулеб заралалъулги.



ТІуван сахав чияс гьелъ пайда гуреб, зарал гьабизе рес гьечІо. Амма кванирукъалда ругъун бугезе гьеб хІалтІизабизе гьукъун буго. Бидул тІадецуй бахунел ва рекІел гІунгутІаби ругез имбирь хІалтІизабилелде тохтурасулгун дандбазе ккола. Лъимер гьабизе ругел руччабазги цІодорго кванaзе ккола гьеб.

## Цумадинская футбольная лига-2023

### Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | * Тинди | 3 | 3 | 0 | 0 | 28-7 | 21 | 9 |
| 2 | Агвали | 3 | 3 | 0 | 0 | 18-10 | 8 | 9 |
| 3 | Гачитли | 3 | 3 | 0 | 0 | 14-7 | 7 | 9 |
| 4 | Кочали | 3 | 2 | 1 | 0 | 17-8 | 9 | 7 |
| 5 | Тисси | 3 | 2 | 0 | 1 | 15-10 | 5 | 6 |
| 6 | Хуштада-Урух | 3 | 1 | 2 | 0 | 9-8 | 1 | 5 |
| 7 | Кеди | 3 | 1 | 1 | 1 | 17-15 | 2 | 4 |
| 8 | Хуштада | 3 | 1 | 0 | 2 | 14-13 | 1 | 3 |
| 9 | Гигатли-Урух | 3 | 1 | 0 | 2 | 12-11 | 1 | 3 |
| 10 | Гадири | 3 | 1 | 0 | 2 | 11-15 | -4 | 3 |
| 11 | Маштихи (Агвали) | 3 | 0 | 1 | 2 | 9-13 | -4 | 1 |
| 12 | Ричаганих | 3 | 0 | 1 | 2 | 11-23 | -12 | 1 |
| 13 | Нижнее Гаквари | 3 | 0 | 0 | 3 | 3-13 | -10 | 0 |
| 14 | Ветераны (Агвали) | 3 | 0 | 0 | 3 | 10-35 | -25 | 0 |

### Результаты 3 тура
### 1 июль

| | | |
|---|---|---|
| Гигатли-Урух | 7 : 2 | Нижнее Гаквари |
| Ветераны (Агвали) | 3 : 5 | Агвали |
| Гадири | 4 : 7 | Гачитли |
| Тисси | 5 : 3 | Маштихи (Агвали) |
| Хуштада | 2 : 4 | Тинди |
| Кочали | 1 : 1 | Хуштада-Урух |
| Ричаганих | 4 : 10 | Кеди |

### Расписание матчей 4 тура
### 8 июль

| | | |
|---|---|---|
| Маштихи (Агвали) | 14:00 | Ричаганих |
| Нижнее Гаквари | 15:00 | Ветераны (Агвали) |
| Гигатли-Урух | 16:00 | Гадири |
| Кеди | 17:00 | Кочали |
| Хуштада | 18:00 | Агвали |
| Тинди | 19:00 | Хуштада-Урух |
| Гачитли | 20:00 | Тисси |

Пайдаял малъа-хъваял

Чурпа цІакъго цІамхІалаб лъугьани, гьелда гъорлъе пиринчІ базе бегьула- гьелъ цІам бахьула.

Гьан тамахаб лъугьизе ккани, бежилалде цебе дагьаб мехалъ рахьдалъ тезе ккола.

ЦІакъго кІал бухІизабулеб пер дагьаб мехалъ цІорораб лъелъ тезе ккола.

Лимон цІунизе бегьула тІинде цІам бараб банкаялда жанибги лъун.

Рахь хехго гьализе, бухІичІого хутІизе ва гІемер мехалъ хвечІого хутІизе бокьани, хьагил тІиналда чакаралъул цо кесек лъела.

Басрияб цІулакьо цІилъизабизе, ккани, щуго-анлъго кьоялъ гьеб тезе ккола цІамхІалаб лъеда гъорлъ.

Утерянный аттестат о среднем общем образовании №480609, выданный 25.06.1987г. Агвалинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района на имя Абакаровой Асият Магомедовны, считать недействительным.

БетІерав редактор Малачдибиров ГІубайдула СагІадулаевич 2-52-44
Жавабияй секретарь Сажидова Зульфия АхІмадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦІумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватІ, 4

«ЦІумадисезул гьаракь» газета гІуцІарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦІумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватІибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахІачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1240
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагІалие) 63302 (лъагІалие)

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru